



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIRETANDAN ADRIENNE A. HARRIS PRAL KITE  
DEPATMAN SÈVIS FINANSYE A APRÈ KAT ANE SÈVIS**

***Gouvènè Hochul nonmen Kaitlin Asrow kòm Siretandan Pa Enterim***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a, apre kat ane sèvis, Siretandan Harris pral kite Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) a. Gouvènè a ap nonmen Kaitlin Asrow kòm Siretandan Pa Enterim Depatman Sèvis Finansye a apati 18 oktòb 2025.

"Mwen ta renmen remèsye Siretandan Harris pou kat ane sèvis li nan DFS, pandan li t ap travay chak jou pou sistèm finansye nou an te ka osèvis Nouyòkè yo, pandan l ap transfòme Depatman an pou l vin yon òganis règlemantasyon ki adapte ak kapital finansye mond lan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ant tan li te pase nan Rezèv Federal (Federal Reserve) la, nan Financial Health Network, ak nan DFS, Kaitlin byen prepare pou dirije Depatman an alavni, elaji aksè ak sèvis finansye ki abòdab pou tout Nouyòkè, pandan l ap asire gwo eta nou an kontinye rete yon sant pou inovasyon ki responsab."

**Siretandan Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la, Adrienne A. Harris te deklare,** "Se te yon privilèj ak yon onè pou m sèvi Nouyòkè yo, pou m bay konsomatè yo rezilta pozitif; konsolide DFS kòm yon lidè règlemantè mondyal; epi transfòme operasyon Depatman an. Mwen vle eksprime rekonesans pwofon mwen anvè Gouvènè Hochul, ansanm ak ekip DFS la pou travay ekselan y ap akonpli chak jou pou kreye yon sistèm finansye ki pi ekitab, transparan, ak pi rezistan."

**Siretandan Egzekitif Adjwen pou Rechèch ak Inovasyon Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la, Kaitlin Asrow, te deklare,** "Mwen santi m onore paske m gen opòtinite pou m kontinye travay pou sèvi Nouyòkè yo anba lidèchip Gouvènè Hochul. Mwen angaje mwen pou m asire m Nouyòk rete kapital finansye mondyal, yon lidè nan zafè pwoteksyon konsomatè, epi yon sant pou inovasyon finansye responsab."

Kaitlin Asrow te travay nan DFS pandan kat ane ki sot pase yo kòm Siretandan Egzekitif Adjwen nan divizyon Rechèch ak Inovasyon. Nan wòl sa a, li te sipèvizè règlemantasyon konpayi lajan vityèl yo, lè l kreye youn nan  [ekip règlemantasyon lajan vityèl](#) ki pi enpòtan ak pi sofistike nan mond lan. Li responsab travay politik tou pou Depatman an, ki gen rapò ak inovasyon ak enklizyon finansye. Madam Asrow te

kontribye nan dirije transfòmasyon operasyonèl Depatman an, e li angaje l pou kontinye investi nan enfrastrikti teknolojik ak pwosesis kle yo.

Madam Asrow te vin nan Depatman an aprè l te travay nan Sistèm Rezèv Federal la, kote li te okipe pòs Konsèyè Politik Prensipal nan Bank San Francisco ak Konsèy Gouvènè yo. Pandan manda li nan Rezèv Federal, li te okipe pòs kowòdonatris politik inovasyon pami 12 bank distri yo, epi tou ant Rezèv Federal, Biwo Kontwolè Lajan (Office of the Comptroller of the Currency, OCC), ak Kòporasyon Federal Asirans Depo (Federal Deposit Insurance Corporation, FDIC). Anvan li te travay nan Rezèv Federal, Madam Asrow te travay pou Center for Financial Services Innovation, ki rele kounye a Financial Health Network, ki se otorite prensipal nan zafè sante finansye konsomatè yo. Madam Asrow te gradye nan Inivèsite Stanford ak yon diplòm lisans nan atizay, epi aprè li te fè metriz li nan Politik Piblik nan Inivèsite Chicago.

Gouvènè Hochul te nonmen Sirentandan Harris pou dirije DFS nan mwa out 2021. Kòm Sirentandan ki te gen yon manda ki pi long, Harris te dirije efò pou transfòme Depatman an pou pi byen pwoteje Nouyòkè yo, antite règlemantè yo, ak sistèm finansye mondyal la. Depi mwa out 2021, DFS te rekipere plis pase 725 milyon dola restitasyon pou Nouyòkè yo, epi li te akonpli yon travay enpòtan pou rann sistèm finansye eta a vin pi jis ak pi ekkitab. Sou echèl nasyonal, li te vin premye reprezantan Eta Nouyòk ki sèvi nan [Konsèy Sipèvizyon Estabilite Finansye \(Financial Stability Oversight Council\) Etazini an.](#)

Pandan administrasyon Hochul la, DFS pran anpil mezi pou kreye yon sistèm finansye ki pi jis, ki gen ladan:

- Ekspansyon [Distri Devlopman Bankè yo](#);
- Chanje fason [frè pou ankese chèk yo](#) kalkile pou pran an konsiderasyon bezwen konsomatè yo, sa ki ap ede Nouyòkè yo ekonomize plis pase 22 milyon dola nan frè pou ankese chèk.
- [Egzije konpayi asirans yo kouvri ensilin](#) san pataje frè yo
- Mete limit klè konsènan itilizasyon [entèlijans atifisyèl](#) nan souskripsyon ak tarifikasyon asirans
- Fè Inite Lajan Vityèl vin yon lidè mondyal nan règlemantasyon ak sipèvizyon aktif nimerik yo.
- [Adopte règ konduit mache yo](#) pou jere Manadjè Benefis Famasetik (Pharmacy Benefit Managers, "PBM") yo, epi kòmanse egzamine antite sa yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)